



Kisa sa vle di pou yon vil aksesib ak ekitab?

An 2016, Majistra Martin J. Walsh te siyen yon òdonans minisipal ki rele “Establishing Language and Communications Access for City Services” (Etablisman Aksè nan Lang ak Kominikasyon pou Sèvis Lavil la). Nou kontan pataje avèk ou pwogrè ki te reyalize nan seri atik mansyèl sa a. Nou espere w ap bannou sipò pou fè Boston yon kote ki pi aksesib pou viv, travay ak jwe.

Planifikasyon sou aksesibilite a ap kreye yon anviwònman kote chak moun kapab patisipe, kontribye, epi kote vwa chak moun konte. Se pou sa pwogram Language and Communication Access (Aksè nan Lang ak Kominikasyon— LCA) se yon inisyativ priyorite pou majistra vil la. Anviwon 17% nan rezidan Boston yo pa itilize anglè kòm lang prensipal yo epi anviwon 12% nan popilasyon vil la gen yon andikap. Pou fè Boston yon vil ki pi enlizif ak ekitab pou plis moun, sa vle di nou dwe reflechi sou aksesibilite kòm yon pratik ki ranfòse legalite olye pou nou konsidere l tankou yon pwotokòl oswa yon lis verifikasyon.

Pou kòmanse, li enpòtan pou reflechi sou fason lasosyete bati anfavè popilasyon “tradisyonèl” la. Nan Boston ak nan pifò kote Ozetazini, “tradisyonèl” vle di ki kapab pale anglè, ki kapab deplase an tout libète epi pou kont yo epi ki kominote san difikilte, pami anpil lòt avantaj k genyen.

Lè nou poze tèt nou kesyon sa a: “Kijan nou kapab fè Boston yon miyè kote pou tout moun?”, li enpòtan pou n reflechi sou fason nou satisfè bezwen moun ki pa pataje youn oswa plizyè nan karakteristik tradisyonèl sa yo. Li enpòtan tou pou n konprann pa gen pèsòn ki natirèlman defisite poutèt ki moun yo ye oubyen sa yo genyen oubyen pa genyen.

Pou rezon sa, vil Boston ap amelyore jan li abòde legalite ak aksesibilite. Nou konnen gen moun nan tout 23 katye Boston yo ki gendwa pale oubyen itilize lòt lang ki pa anglè; epitou, yo gendwa jwenn èd nan men aparèy teknoloji asistans pou yo kominike epi pou moun konprann yo. Sitèlman gen divèsite nan fason moun itilize langaj ak kominikasyon. Se pou sa aksè se yon priyorite absolè pou tip travay sa a.

Donk, kounye a w ap mande tèt ou kijan vil Boston pral kreye sèvis ak espas ki pi akeyan epi pi aksesib? Men kèk fason nou pral demare:

1. Kolekte fidbak osijè priyorite ak bezwen moun ki nan gwoup demografik n ap sible anpremye yo.
2. Etabli patenarya avèk òganizasyon kominote pou fè pledwari epi ogmante konsyantizasyon konsènan aksesibilite nan langaj ak kominikasyon.

3. Investi nan teknoloji entèn tankou pa egzantp, aparèy ki ede moun tandè ak aparèy pou entèpretasyon dirèk.
4. Kenbe yon lis tout estaf ak volontè piblik ki pale plizyè lang epi ki kapab entèprete epi tradui.
5. Fè piblisite pou sèvis entèpretasyon, tradiksyon, ak Communications Access Real-Time Translation (Aksè nan Kominikasyon an Tan Reyèl- CART) gratis pou evènman, sèvis oubyen pwogram vil la òganize.
6. Chwazi yon nivo ki bon pou yon elèv ki nan klas lekti 8yèm gred, jan sa posib, pou tout kominikasyon avèk piblik la.
7. Mete sou-tit pou videyo, transkripsyon sonò ak deskripsyon imaj nan lòt lang, jan sa posib.
8. Ofri opsyon pou lòt tip fòm pou tout dokiman PDF nou pibliye pou piblik la kapab li l.
9. Plase kat idantifikasyon lang nan chak biwo sèvis pou kliyan ak gichè resepsyon prensipal nan meri a.
10. Tradui dokiman enpòtan, chak depatman, nan senk (5) lang moun pale piplis nan vil la.
11. Bay sèvis entèpretasyon tousuit nan Boston 311, ki se nimewo gratis 24 sou 24, 7 jou sou 7 majistra vil la mete anplas pou sitiyasyon ki pa ijans.

Sa ki anlè yo se kèk nan fason vil Boston ap travay pou abòde legalite nan zafè aksè nan lang ak kominikasyon. Nou ta vreman renmen tandè lide ak sijesyon ou yo sou fason nou kapab fè lis la vin pi long toujou. Ou kapab ekri nou [isit](#).

Pwogram Language and Communication Access lan travay pou ranfòse vil Boston pou sèvis, pwogram, ak aktivite sa yo vreman aksesib pou tout rezidan yo. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, al gade paj nou an nan boston.gov/lca.

Español | Kreyòl ayisyen | 繁體中文 | 简体中文 | Tiếng Việt | kriolu | العربية | Português | Русский | Français